GLOBAL EKOLOGIK MUAMMOLAR, CHO'LLANISH VA OZIQ-OVQAT XAVFSIZLIGI
*Respublika ilmiy-amaliy konferensiyasi,* 2026-yil 2-iyun, Qoraqalpog'iston qishloq xo'jaligi va agrotexnologiyalar instituti, Nukus

# QURǴAQ AYMAQLARDA SUW RESURSLARINAN TURAQLI PAYDALANIWDA EKOSISTEMALI JANTASIW

DOI: https://doi.org/10.66073/ReFocus-Conf/QAXAI/1073

**Perdebaev Hasilbek**
Qaraqalpaqstan awil xojalig`i ha`m agrotexnologiyalar instituti Ekologiya qa`niygeligi 3-kurs studenti.

## ANNOTATSIYA

Bul jumısta qurǵaq aymaqlarda suw resurslarınan turaqlı paydalanıwda ekosistemalı jantasıwdıń áhmiyeti hám onı ámeliyatqa engiziw mexanizmleri kórsetilgen. Qurǵaq hám yarım qurǵaq regionlarda suw jetispewshiligi, iqlim ózgerisi hám antropogen tásirler aqıbetinde tábiiy teńsalmaqlıqtıń buzılıwı baslı máselelerden biri bolıp tabıladı. Maqalada suw resursların tek ǵana dástúriy injenerlik yamasa ekonomikalıq tásir sheńberinde emes, al jámiyet, gidrologiya hám tiri tábiyat ortasındaǵı óz-ara baylanıstı esapqa alatuǵın ekosistema retinde basqarıw zárurligi tiykarlanǵan.

***Gilt so`zler:*** *Qurǵaq aymaqlar, suw resursları, turaqlı paydalanıw, ekosistemalı jantasıw, suw jetispevshiligi, integraciyalasqan basqarıw, ekologiyalıq turaqlılıq.*

Qurǵaq hám yarım qurǵaq ıqlımǵa iye bolǵan aymaqlarda, ásirese Ózbekstanda, suw resursları tábiyiy ekosistemalardıń turaqlılıǵın támiyinlewshi hám xalıqtıń turmıs dárejesin belgilewshi eń áhmiyetli faktorlardan biri esaplanadı. Klimattıń global ózgeriwi hám antropogen tásirler nátiyjesinde suw jetispewshiligi mashqalası jıldan-jılǵa keskinlesip barmaqta. Bul jaǵdayda suw resursların basqarıwda apiwayi gidrotexnikalıq usıllardan ekosistemalı jantasıwǵa ótiw hámme tárepleme áhmiyetli bolıp tabıladı.

Ekosistemalı jantasıw — bul suw, jer hám tiri resurslardı integratsiyalasqan halda basqarıw strategiyası bolıp, olardıń teńsalmaqlı saqlanıwın hám turaqlı paydalanılıwın támiyinleydi. Onıń tiykargı baǵdarları tómendegilerden ibarat:

Integratsiyalasqan basqarıw: Suwdan paydalanıwdı tekǵana awıl xojalıǵı yamasa sanaat mútajlikleri ushın emes, bálki tábiyiy ekosistemalardıń (tómengi dáryalar, teńiz átrapı aymaqları, tog`aylıqlar) talapların esapqa alǵan halda jobalastırıw.

Biokóplilikti saqlaw: Suw dárekleri átrapındaǵı flora hám fauna dúnyasın qorǵaw, gidrologiyalıq rejimniń buzılıwınıń aldın alıw.

Tábiyiy processlerdi qayta tiklew: Suw resursların jasalma jollar menen saqlaw emes, bálki tábiyiy suw filtraciyası hám gidrologiyalıq cikllerdiń óz-ózin tiklew qábiletin qollap-quwatlaw.

Ózbekstandıń geografiyalıq jaylasıwı hám Áral teńizi mashqalası bul jantasıwdı ámeliyatqa dárhal engiziwdi talap etedi. Ásirese, Áralboyı aymaǵında (Qaraqalpaqstan Respublikası hám Xorezm walayatı) suw resurslarınıń jetispewshiligi hám jerlerdiń shorlanıwı ekologiyalıq krizisti tereńlestirmekte.

Áral teńiziniń qurǵaǵan túbinde jasıl qaplamalar (seksewil hám basqa shorǵa shıdamlı ósimlikler) payda etiw — ekosistemalı jantasıwdıń eń jarqın mısalı bolıp tabıladı. Bul ilajlar:

Kúshli samallarda duz hám shań kóteriliwin azayttı;

Aymaqtaǵı mikro ıqlımdı rawajlandırıwǵa xızmet etti;

Tábiyiy biosferanıń ashshı mútajliklerin qanaatlandırdı.

Ámiwdárya hám Sırdárya boylarındaǵı toǵaylıqlar tábiyiy suw sazlawshıları esaplanadı. Bul ekosistemalardı qorǵaw dáryalardaǵı suw sapasınıń jaqsılanıwına hám gidrologiyalıq

teńsalmaqlılıqtıń saqlanıwına járdem beredi. Ózbekstan suw resurslarınıń úlken bólegi (90% atpıraǵı) awıl xojalıǵında sarplanadı. Ekosistemalı jantasıw jer astı hám jer ústi suwlarınıń sapasın pútinleyliginshe saqlaw ushın tómendegilerdi talap etedi:

Tselisiy hám turaqlı basqarılatuǵın tamshılatıp suwgarıw sistemaların engiziw;

Kollektor-drenaj suwların qayta islew hám olardan ekologiyalıq mútajlikler ushın qáwipsiz paydalanıw.



Qurǵaq aymaqlarda suw resursların tekǵana "ekonomikalıq resurs" dep qaraw qateligge alıp keledi. Ózbekstan sharayatında ekosistemalı jantasıwdı rawajlandırıw — keleshek áwladlardı suw hám turaqlı átrap-ortalıq menen támiyinlewdiń birden-bir kepili bolıp tabıladı. Tábiyattıń óz-ózin tiklew qábiletin esapqa alıp otırıp islep shıǵılǵan strategiyalar áhmiyetli social-ekonomikalıq nátiyjeler beredi.

**Paydalanilg`an adebiyatlar:**

1. Mirziyoyeva, S. Sh. (2022). Qurǵaqshılıq sharayatında suw resursların basqarıwdıń ekonomikalıq hám ekologiyalıq mexanizmleri. Tashkent: "Fan" baspası.
2. Ózbekstan Respublikası Suw xojalıǵı ministrligi. (2020). Ózbekstan Respublikası suw xojalıǵın rawajlandırıwdıń 2020–2030-jıllarǵa móljallangan koncepciyası. Tashkent.
3. Xamrayev, Sh. R. (2019). "Suw resurslarınan turaqlı paydalanıw hám suw tejiwshi texnologiyalardı engiziw prioriteti." Ózbekstan awıl xojalıǵı jurnalı,